

## Kisa Lwa sou Diyite pou Tout Elèv (Dignity for All Students Act) la ye?

Lwa sou Diyite pou Tout Elèv (DASA) la pwoteje tout elèv kont **diskriminasyon**, **asèlman**, ak **entimidasyon** ki baze sou ras, relijyon, sèks, orijin nasyonal, gwoup etnik ak oryantasyon seksyèl. Li gen ladan asèlman ki fèt **sou entènèt** ak asèlman ki fèt **an pèsòn**.

### Kijan w ka rekonèt entimidasyon oswa asèlman?

Entimidasyon an ka fèt sou plizyè fòm, tankou:

- **Vyolans fizik**
  - Lè yon moun frape oswa pouse yon lòt
- **Fawouch vèbal**
  - Lè yon moun ap takinen yon lòt, ba li non oswa fè blag ki blesan sou li
- **Esklizyon sosyal**
  - Lè yo eskli elèv yo oswa izole yo
- **Asèlman alekri**
  - Grafiti, desen, kòmantè oswa foto
  - Tèks, Imèl oswa lòt rezo sosyal

### Kijan pou m konnen si pitit mwen an ap sibi entimidasyon oswa asèlman?

Gen kèk timoun ki pa pataje ka entimidasyon yo avèk adilt. Siy ki endike pitit ou a ap sibi asèlman yo ka gen ladan yo:

- Chanjman nan konpòtman l
- Blesi, mak oswa grafonyen sou kò l
- Li gen zafè ki pèdi oswa kraze
- L ap plenyen tèt fè mal oswa lestomak fè mal
- Li gen difikilte pou l dòmi
- Nòt li fèb oswa li vin pa tèlman entèrese ak lekòl
- Li fè kòm si l malad oswa l ap evite lekòl

**Li enpòtan pou sonje ke tout timoun reyaji diferan fasa entimidasyon.**

## Kisa ki rekòmande pou lekòl mwen an fè?

Lekòl ou a dwe gen tout mezi ak règleman anplas pou pwoteje elèv yo kont entimidasyon ak asèlman. Tout anlwaye yo pran fòmasyon sou kijan pou yo rekonèt ak reyaji anfas zak diskriminasyon ak asèlman ki ka prezante.

Anplisde pwogram akademik ofisyèl yo ak Kòd Konduit k ap gide entèraksyon elèv yo, li rekòmande pou lekòl ou a gen yon kowòdonatè DASA ki pou responsab pou sipèvizè investigasyon distri a sou ensidan an, epitou prezante dokiman pou montre ke sa te fèt.

Li rekòmande pou direktè oswa reprezantan kanpous la reponn nan de (2) jou, tousuit yo rapòte yon ensidan.

## Kisa m dwe fè si pitit mwen an ap sibi entimidasyon oswa asèlman?

Toudabò, ou dwe **kontakte yon moun nan lekòl la** pou rapòte ensidan an. Moun sa kapab kowòdonatè DASA a, direktè lekòl la, yon pwofesè oswa konseye oswa nenpòt manm nan estaf la. Si entimidasyon oswa asèlman pitit ou a sibi a baze sou ras, relijyon, sèks, orijin nasyonal, gwoup etnik oswa oryantasyon seksyèl li, ou ka kontakte tou Depatman Edikasyon Eta Nouyòk la dirèkteman nan youn nan twa mwayen sa yo.

- 1) Rele liy asistans telefonik ki disponib pou paran nou yo nan 800-469-8224.
- 2) Kontakte Depatman Edikasyon Eta Nouyòk la dirèkteman nan (718) 722-2445.
- 3) Voyerapò pa imèl san w pa mete non w ladan nan nysparenthotline@nyu.edu.

Si ou te rapòte ensidan an epi konpòtman sa yo kontinye, ou dwe **soumèt yon rapò swivi** pou asire w ke kowòdonatè DASA rete okouran de sitiwayon an epi pou l enfòmè biwo Depatman Edikasyon Eta Nouyòk yo nan (718) 722-2445 oswa (518) 486-6090 si w kwè pitit ou a pa ansekirite.